

Patient Education

Tès pou COVID-19 la

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Poukisa yo sèvi ak pwosedè sa a?

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li. Doktè yo gendwa mande tès pou konnen si w gen enfeksyon COVID-19 kounye a. Yo gendwa mande tès pou konnen si w te janm gen COVID-19 anvan.

Li enpòtan pou konprann ki kalite tès w ap fè. Doktè yo sèvi ak yon tès viral pou detèmine si w gen maladi COVID-19. Leplisouvan, tès sa a itilize yon aplikatè pou nen an oswa pou gòj la. Yon analiz san se yon lòt kalite tès COVID-19 yo fè pou detèmine si kò w te pwodui antikò pou viris la. Si w gen antikò, sa montre ou te gen viris la deja oubyen ou vaksinen.

Ki rezilta li pral bay?

Tès viral (aplikatè pou nen an oswa pou gòj la):

- Doktè a pral egzamine rezilta tès ou. Doktè a gendwa dekouvri ou gen sentòm yon maladi. Maladi sa a ka gaye fasil oubyen ou ka gen plis chans pou w malad anpil.
- Si rezilta yo pozitif sa vle di ou gen yon enfeksyon aktif. Ou ka genyen sentòm maladi a oswa ou ka pa genyen.
- Si rezilta yo negatif, gen anpil chans pou w pa t enfekte nan moman ou te fè tès la. Li posib pou yo te pran echantiyon an twò bonè pandan peryòd enfeksyon w. Sentòm ou yo gendwa soti nan yon lòt maladi. Sa pa vle di ou pa ka pran COVID-19 la. Doktè w gendwa mande yon lòt tès si w kontinye gen sentòm COVID-19.

Analiz san (tès antikò):

- Doktè a pral egzamine rezilta tès ou.
- Si rezilta yo pozitif, sa vle di gen yon lè ou te enfekte ak COVID-19 la oswa ou te vaksinen. Ou ka gen yon iminite ak maladi a, men doktè w yo pa konnen si w ap toujou pwoteje kont maladi a ni pou konbyen tan.
- Si rezilta yo negatif, sa vle di kò w pa t pwodui antikò pou COVID-19 la. Leplisouvan, sa vle di ou pa t gen enfeksyon an. Sa ka vle di tou ou te gen enfeksyon an sa pa gen lontan, konsa kò w poko gen ase tan pou l pwodui antikò.

- Tès sa a itil pou ede ofisyèl sante piblik yo suiv maladi a. Li gen mwens itilite pou konnen si w gen yon enfeksyon aktif.

Ki sa k pral pase anvan pwosedi a?

- Pa gen okenn bagay espesyal ou bezwen fè anvan tès la.
- Pale ak doktè w sou:
 - Tout medikaman w ap pran yo
 - Si w gen yon pwoblèm senyen

Ki sa k pral pase pandan pwosedi a?

Tès sa a ap pran kèk minit sèlman. W ap je klè pandan tout tan sa a.

- **Tès viral:** Yon manm pèsònèl la pral mete yon aplikatè nan nen w e l ap fè l fè ti mouvman. Pafwa, yo gendwa pran yon echantiyon sou toule de bò nen w oswa nan gòj ou. Manm pèsònèl la gendwa mande w fè sa poukont ou. Sa ka nui w yon ti kras men l ap dire kèk segonn sèlman.
- **Analiz san:** Manm pèsònèl la pral retire yon ti kantite san nan kò w ak yon zegui. Ou ka santi yon ti doulè. Y ap retire zegui a e k ap mete yon bandaj sou po w. Pafwa, yo gendwa pike dwèt ou epi ale yon ti kantite san pou analiz la.

Ki sa k pral pase apre pwosedi a?

- Li gendwa bon si w chita pandan kèk minit anvan w leve kanpe. Konsa ou pap gen toudisman apre tès la.
- Si w te resevwa yon analiz san, sèvi ak lòt men w pou mete presyon kote zegui a te antre a. Sa pral soulaje mak kou a ak senyen an.
- Mande doktè w ki lè w ap jwenn rezilta yo.

Ki swen y ap bezwen bay lakay?

Si w panse ou gen COVID-19 oswa si w te an kontak ak yon moun ki genyen maladi sa a, evite lòt moun pou omwen 14 jou.

Ki suivi y ap bezwen bay?

Doktè w gendwa mande w vin nan biwo li plizyè fwa pou l ka suiv eta w. Pinga w manke randevou sa yo.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Doulè
- Blese
- Senyen
- Toudisman

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tè, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou

ou. <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>

Last Updated 4/13/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.